BAB III
MÉTODE PANALUNGTIKAN

Dina Bab tilu dibahas métode panalungtikan, eusina ngawengku, (1) lokasi, sumber data panalungtikan, (2) desain panalungtikan, (3) variabel jeung wangenan operasional, (4) instrumén panalungtikan, (5) téhnik ngolah data, (6) cara meunteun karangan déskripsi, (7) uji sifat data, jeung (8) uji hipotésis.

3.1 Lokasi, Sumber Data

3.1.1 Lokasi Panalungtikan

Lokasi/tempat panalungtikan dilaksanakeun di SMP Negeri 2 Ciwaringin Kabupatén Cirebon anu peureunahna aya di Propinsi Jawa Barat. SMPN 2 Ciwaringin aya di Jln, Jend. Uripsumoharjo., Desa. Bringin., Kec. Ciwaringin., Kab. Cirebon. Belah kalér sakola watesan jeung pasawahan tuluy watesan jeung sakola SMAN 1 Ciwaringin Kabupatén Cirebon, lebah kidulna watesan jeung lapangan bola, jeung bumi warga, dibelah kulon watesan jeung SD. Desa Bringin, Kec. Ciwaringin, Kab. Cirebon, jeung lebah wétan watesanan jeung pasawahan. Kaayaan masyarakatna ngagunakeun basa Jawa Cirebon anu ngabalukarkeun basa Sunda teu dipaké dina kahirupan di masyarakatna iwal ti masyarakan anu ti wilayah Sunda ku kituna panalungti netepkeun ieu sakola minangka lokasi panalungtikan.

3.1.2 Sumber Data Panalungtikan

Sumber data dina ieu panalungtikan nya éta siswa kelas VII-C SMPN 2 Ciwaringin Kabupatén Cirebon, jumlah siswana 30 urang, anu ngawengku 17 siswa jeung 13 urang siswi.

3.2 Desain Panalungtikan

Métode anu dipaké dina ieu panalungtikan kaasup kana kuantitatif, nya éta métode kuasi éksperimén. Desain panalungtikanna anu dipaké nya éta ngagunakeun *One-Group pretest-posttest design*. Ku cara ngukur kamampuh

siswa dina hiji *group*, anu ngayakeun lembar tés samémèh ayana perlakuan anu disebut (*pretest*). Tuluy ngukur kamampuh siswa sabada ayana perlakuan anu disebut (*posttest*) atawa tés ahir. Pola desain panalungtikan bisa dititénan dina tabél ieu di handap.

Tabél 3.2

O_1 X O_2

O_1 = Nilai *pretest* (samémèh dibéré diklat)

O_2 = Nilai *posttest* (sabada dibéré diklat)

(Sugiyono, 2011, kc. 112)

3.3 Variabel jeung Wangenan Operasional

3.3.1 Variabel Panalungtikan

Variabel paalungtikan nurutkeun Sugiono (2011, kc. 63) nya éta sakabeh hal dina wangun naon wae nau di tetepkeun ku panalungtik pikeun di talungtik anu ngahasilkeun informasi tina nu di talungtik, tuluy di tarik kasimpulanna.

Panalungtikan ieu ngahasilkeun Variabel *independeun* (X) atawa variabel bebas jeung variabel *Dependen* (Y) atawa variabel kauger. Modél pembelajaran CTL mangrupakeun anu jadi variabel in*dependen* (X) dina ieu panalungtikan jeung nulis karangan déskripsi jadi variavel *dependen* (Y) dina ieu panalungtikan.

3.3.2 Wangenan Oprasional

a) Modél Pengajaran *Contextual Teaching and Learning* (CTL). Konsep diajar anu mantuan guru ngaitkeun bahan anu diajarkeun jeung dunya nyata siswa, bari ngadorong siswa matalikeun kaweruh nu dicangkingna kana larapan dina kahirupan sapopoé (Sudaryat, 2004, kc. 41);
b) Nulis (Tulis) nya éta kagiatan nepikeun pesan (gagasan, rasa, jeung kahayang) nuliskeun lambang-lambang tulisan (grafis) dumasar aturan jeung langkep;
c) Karangan déskripsi teh nya éta wacana anu eusina ngebrehkeun kagiatan indra (panempo, panguping, pangrasa, panyabak jeung pangambeu) anu mangrupa hasil tina pangalaman (Sudaryat, 2003, kc. 51-52).

3.4 Instrumén Panalungtikan

Instrumén nu digunakeun dina panalungtika ieu dua kali nya éta lembar tés dilaksanakeun *pretest* jeung *posttest*. *Pretest* mangrupa tés awal anu tujuanna ngukur *kamampuh*h siswa dina nulis karangan déskripsi saméméh aya perlakuan atawa diajar hiji hal, *posttest* mangrupa tés ahir atawa tés sabada ayana perlakuan atawa *(treatment)* ngagunakeun modél CTL tipe *modeling*. Fomat tés saperti ieu di handap.

Tés Ngarang

Jieun hiji karangan nau katangtuanna:

1. Warna karanganna Déskripsi!
2. Panjang karangan minimal sakaca polio, gunakeun aturan tulis anu bener tur hadé!
3. Pilih salasahuji tema ieu di handap:
   a. Gambarkeun kaayan sakola
   b. Gambaran kaayan di imah
4. Komponén nu dipeunteun:
   a. Kualitas lingkup jeung eusi,
   b. Organisasi jeung tampilan eusi,
   c. Komposisi/struktur kalimah,
   d. Gaya jeung wangun basa,
   e. Éjahan,
   f. Karapihan tulisan,
5. Waktu; 45 Menit

Lembar Karangan Siswa

Wasta :

Nis :

Kelas :

(Judul)

Hasil karangan siswa……

……

……

……

……

……

……..

……

……..……

……

……

……

……

……

…….

……

……

……

……

……..……

……

3.5. Téhnik Ngumpulkeun Data

Téhnik anu digunakeun dina ngumpulkeun data nya éta téhnik tés. Tés tulis iéu di laksanakeun dua kali, tés awal dipaké pikeun ngukur kamampuh, kaparigelan, pangaweruh, intelegensi, kamampuh jeung bakat anu dipimilik ku siswa tuluy ngayakeun tindakan/perlakuan jeung ngayakeun *Posttest* pikeun nempo kumaha kamampuh ahir siswa sanggeus ayana perlakuan/tindakan pembelajaran ngagunakeun modél pembelajaran CTL tipe *modeling*.

Léngkah-léngkah téhnik ngumpulkeun data dina ieu panalungtikan baris dipedar saperti ieu di handap.

1) Ngayakeun tés ka siswa pikeun mikanyaho kamampuh awal siswa dina nulis karangan déskripsi ngagunakeun basa Sunda.
2) Panalungtik nangtukeun pakakas anu baris dipaké pikeun ngaplikasikeun modél pembelajaran CTL tipe *modeling*.
3) Ngalaksanakeun prosés pembelajaran nulis karangan basa Sunda ngagunakeun modél CTL tipe *modeling*.
4) Sabada ngalaksanakeun *treatment* ngagunakeun modél pembelajaran CTL tipe *modeling* tuluy dilaksanakeun *posttest*/tés ahir sabada tindakan pikeun mikanyaho pangaweruh siswa dina nulis karangan basa sunda ngadunakeun modél CTL tipe *modeling*.

3.6 Téhnik Nganalisis Data

Téhnik nganalisis data dina ieu panalungtikan ngaliwatan léngkah-léngkah saperti ieu di handap.

1) Mariksa hasil *pretest* jeung *posttest*
2) Mariksa hasil *pretest* jeung *posttest* siswa ngagunakeun pedoman meunteun saperti dina tabél 3.3 dumasar kana éta pedonam, sekor maksimal karangan siswa nya éta 100.

Patokan anu anggo pikeun ngajen (meunteun) tulisan karangan déskripsi anu dicutat di antarana nurutkeun Iskandarwassid jeung Sunendar (2011, kc. 250):

1) Kualitas jeung ruang lingkup eusi
2) Organisasi jeung panyajian eusi

3) Komposisi/struktur kalimah
4) Kohési jeung kohérénsi
5) Gaya jeung wangun basa
6) Éjahan
7) Karapihan tulisan jeung kabersihan.
8) Respon aféktif guru kana karya tulis

Tina dalapan kriteria nurutkeun Iskandarrwasid jeung Sunendar (2011, kc. 250) di luhur baris dicindekeun jadi genep kriteia kusabab dina aspék ka opat (kohési jeung kohérési) bisa diasupkeun kana aspék setruktur kalimah, jeung aspék no dalapan teu dipaké sabab éta aspék dipaké pikeun menteun pikeun guruna jadi dipedar ngenaan peunteun unggal aspékna kususna kanggo ngajen siswa bisa ditingali kana tabél ieu di handap.

Tabél 3.3
Poin-Poin Kriteria dina Peuteun Karangan

No	Kriteria Peunteun	Tingkatan	Sekor
(1)	(2)	(3)	(4)
1	Kualitas jeung ruang lingkup eusi.	Eusi, tema luyu jeung informasi leungkeup	20
		Eusi, tema luyu jeung informasi cukup serta bisa mekarkeun	16
		Eusi, tema luyu, informasi kurang leungkep, kurang ngamekarkeun	12
		Eusi, tema luyu tapi teu bisa nepikeun informasi	8
		Eusi, tema teu saluyu, teu nepikeun informasi	4
2	Organisasi jeung panyajian eusi	Eusi, paragraph dimekarkeun sacara jentre	20
		Eusi saluyu jeung rangkay karangan, paragraph kurang dimekarkeun	16
		Eusi, paragraph kurang di mekarkeun	
		Eusi teu saluyu jeung tema, pragraf kurang dimekarkeun	12
		Euis, tema, paragraph teu kasusun rapih	8
			4
3	Komposisi/struktur kalimah (judul, bubuka, eusi, panutup)	Jentre, puguh, ngaguluyur, puguh	20
		Jentre, puguh, ngaguluyur, kurang puguh	16
		Jentre, puguh, kurang ngaguluyur, kurang puguh	12

		Kurang jentre, kurang puguh, teu ngaguluyur, teu puguh. Teu Jentre, teu puguh, teu ngaguluyur, teu puguh	8 4
4	Gaya jeung wangun basa	Ngandung diksi, wangun basa konsisten, teu nimbulkeun imajinasi Ngandung diksi, wangun basana konsisiten, rada nimbulkeun imajinasi Ngandung diksi, wangun basa teu konsisten, kurang niimbukeun imajinasi Teu ngandung diksi, wangun basa teu konsisten, teu nimbulkeun imajinasi Teu ngadung diksi, basa kumalayon, teu nimbulkeun imajinasi	20 16 12 8 4
5	Éjahan	Teu aya salah éjahan Kasalahan (1-5) tp teu ngarobah harti Salahan(1-15) tp teu ngarobah harti Kasalahan leuwih 15 harti teu jelas Teu make palanggeuran	10 8 6 4 2
6	Karapihan tulisan jeung kabersihan.	Rapih, kabaca, teu aya corétan Rapih, kabaca, aya sababaraha corétan Kurang rapih, kabaca, aya corétan Teu rapih, kurang kabaca, loba corétan Teu puguh	10 8 6 4 2

Peunteun ahir ngagunakeun rumus:

$$P = \frac{\Sigma\ Sekor\ Kahontal}{\Sigma\ Sekor\ ideal} x\ 100$$

Katerangan:
P = peunteun
Σ *Sekor Siswa* = *jumlah peunteun siswa*
Σ *sekor Maksimal* = *Jumlah peunteun maksimal*

Kategori peunteunna:
Peunteun > 70 siswa dianggap mamapuh nulis karangan déskripsi
Peunteun < 70 siswa dianggap can mampuh nulis karaangan déskripsi.

Tabél 3.4

Peunteun samémèh jeung sabada siswa dina nulis karangan déskripsi

No Absen	1	2	3	4	5	6	Σ *sekor*	*p*	%	Tafsiran
(1)	(2)	(3)	(4)	(5)	(6)	(6)	(7)	(8)	(9)	(10)
1										
2										
3										

Katerangan:
1 = Eusi
2 = Organisasi
3 = Komposisi
4 = Wangun Basa
5 = Éjahan
6 = Karapihan
P = Peunteun
% = presentasi
Tafsiran = Tina Hasil Penunteun Karangan

3.7 Uji Sifat Data

Dina uji sifat data dina ieu panalungtikan nya éta ngawengku (1) uji normalitas, (2) uji homogénitas, (3) uji Gain, jeung (4) uji hipotésis.

3.7.1 Uji Normalitas

Uji normalitas nya éta uji sipat data anu miboga tujuan pikeun ngayakinkeun yén kamampuh siswa téh miboga distribusi anu normal. Pikeun nangtukeun yén éta data miboga sipat normal atawa henteu bisa ngagunakeun rumus chi- kuadrat (X^2).

Dina ieu panalungtikan, uji normalitas ngaliwatan sababaraha léngkah, nya éta:

1) Nangtukeun nilai panggedéna jeung pangleutikna.
2) Ngitung rentang (r) ngagunakeun rumus ieu di handap:

r = peunteun pangluhurna-peunteun panghandapna

3) Nangtukeun jumlah kelas interval, kalawan rumus:

k = 1 + 3,3 log n

4) Nangtukeun panjang kelas interval

$$P = \frac{r}{k}$$

5) Nyieun tabél frékuénsi peunteun tés awal jeung tés ahir kalayan ngagunakeun tabél ieu di handap:

Tabél 3.4
Format Frékuensi Peunteun *Pretest* jeung *Posttest*

No	Kelas Interval	f_i	x_i	x_{i^2}	$f_i x_i$	$f_i x_i{}^2$
(1)	(2)	(3)	(4)	(5)	(6)	(7)
1						
2						
∑						

6) Ngitung rata-rata (mean) peunteun tés awal jeung tés ahir kalayan ngagunakeun rumus ieu di handap:

$$\bar{X} = \frac{\sum f_i x_i}{\sum_{fi}}$$

Katerangan:

$\bar{X}$ = rata-rata (mean)

∑ = jumlah

Fi = jumlah data

Xi = nilai tengah

(Sudjana, 2005: 70)

7) Ngitung standar déviasi, carana nya éta

$$sd = \sqrt{\frac{n \sum f_i . x_i{}^2 - (f_i . x_i)^2}{n\ (n-1)}}$$

8) Ngitung frékuénsi obsérvasi jeung frékuénsi ékspéktasi. Carana nya éta:

a) Nyieun tabél frékuénsi obsérvasi jeung frékuénsi ékspéktasi.

Tabél 3.5
Format Frékuénsi Observasi jeung Frékuénsi Ékspéktasi *Pretest*

Interval	Oi	BK Handap	BK Luhur	Z_1	Z_2	L	E_i	X^2
(1)	(2)	(3)	(4)	(5)	(6)	(7)	(8)	(9)
∑								

b) Nangtukeun Oi (frékuénsi obsérvasi)

c) Nangtukeun batas kelas interval (bk)

d) Ngitung Z_{itung} (transformasi normal standar bébas kelas)

$$Z = \frac{(bk - \bar{x})}{sd}$$

e) Nangtukeun $Z_{tabél}$

f) Ngitung lega kelas interval (L)

$$L = Z_{tabél}1 - Z_{tabél}2$$

g) Ngitung frékuénsi ékspéktasi, ku cara:

$$Ei = n \times L$$

h) Nangtukeun nilai X^2 (chi kuadrat)

$$X^2 = \sum \frac{(Oi - Ei)^2}{Ei}$$

(Sudjana, 2005:273)

i) Nangtukeun darajat kabébasan (dk)

$$dk = k - 3$$

(Sudjana,2005:293)

j) Nangtukeun harga $X^2_{tabél}$

k) Nangtukeun normalitas ngagunakeun kritéria ieu di handap:

(a) Lamun $X^2_{itung} < X^2_{tabél}$, hartina data atawa populasi distribusina normal.

(b) Lamun $X^2_{itung} > X^2_{tabél}$, hartina data atawa populasi distribusina teu normal.

Sanggeus dilaksanakeun uji normalitas, sarta data nu dihasilkeunana normal, hal anu kudu dilakukeun satuluyna nya éta uji homogénitas varian nu fungsina pikeun nangtukeun uji paramétrik nu luyu.

3.7.2 Uji Homogénitas

Uji homogénitas nya éta uji sipat data nu tujuanana pikeun mikanyaho homogén henteuna sampel tina populasi anu sarua.

Léngkah-léngkah pikeun nangtukeun homogénitas nya éta:

1) Ngitung variasi masing-masing kelompok

Variansi tés awal

$$S_1 = \frac{n \sum f_i \, x_i^2 - (f_i . x_i)^2}{n\,(n-1)}$$

$$S_2 = \frac{n \sum f_i \, x_i^2 - (f_i . x_i)^2}{n\,(n-1)}$$

(Sudjana, 2005: 95)

2) Ngitung harga variasi (F)

$$F = \frac{Variasi\ anu\ leuwih\ gedé}{Variasi\ anu\ leuwih\ leutik}$$

3) Ngitung derajat kabébasan (dk)

dk = n - 1

4) Nangtukeun harga $F_{tabél}$
5) Nangtukeun homogén henteuna data dumasar kana kritéria ieu di handap.

Saupama $F_{itung} < F_{tabél}$ hartina variasi sampel homogén.

Saupama $F_{itung} > F_{tabél}$ hartina variasi sampel teu homogén.

(Sudjana, 2005:250)

3.7.3 Uji Gain

Uji gain miboga tujuan pikeun nangtukeun naha aya béda anu signifikan antara hasil *pretest* jeung *posttest*. Hasil tina uji gain, bisa meunangkeun gambaran ngeunaan pangaruh digunakeunana modél pembelajaran CTL dina nulis karangan déskripsi siswa kelas VII C SMPN2 Ciwaringin Kabupatén Cirebon taun ajaran 2013/2014. Léngkah-léngkah dina uji gain nya éta ngagunakeun tabél ieu di handap.

Tabél 3.7
Uji Gain (d) Tingkat *Kamampuh*h Nulis Karangan Déskripsi

No Absen	Pre-tést	Post-tést	D	d^2
(1)	(2)	(3)	(4)	(5)
1				
2				
Σ				

Uji Hipotésis

Dina uji hipotésis aya dua cara. Kahiji, saupama data hasil uji normalitas nuduhkeun yén éta data miboga distribusi data anu normal, dina nguji éta data hipotésisna ngagunakeun statistik paramétris kalawan ngagunakeun uji t-tés. Kadua, saupama data hasil uji normalitas téh nuduhkeun yén data miboga distribusi data anu teu normal, dina nguji éta data hipotésisna ngagunakeun statistik nonparamétris kalawan ngagunakeun uji *Wilcoxon*.

1) Statistik Paramétris

Statistik paramétris digunakeun nalika data miboga distribusi anu normal. Léngkah-léngkah dina statistik paramétris nya éta saperti ieu di handap.

a) Ngitung rata-rata (*mean*) tina béda antara peunteun tés awal jeung peuteun tés ahir. Rumusna nya éta:

$$Md = \frac{\sum d}{n}$$

b) Ngitung darajat kabébasan (dk), rumusna nya éta:

dk= n-1

c) Ngitung jumlah kuadrat déviasi, rumusna nya éta:

$$\sum x^2 d = \sum d^2 - \frac{(\sum d)^2}{n}$$

d) Ngitung t, rumusna nya éta:

$$t = \frac{Md}{\sqrt{\frac{\sum x^2 d}{n(n-1)}}}$$

Katerangan:

t = tés signifikansi

Md = rata-rata (*mean*) tina béda antara hasil tés awal jeung tés ahir

$\sum x^2 d$ = jumlah kuadrat déviasi

n = jumlah subyék dina sampel

e) Ditarima henteuna hipotésis dumasar kana kritéria ieu di handap.

- Lamun $t_{itung} > t_{tabél}$ hartina hipotésis ditarima, yén modél pembelajaran CTL éféktif dina ngaronjatkeun kamampuh nulis karangan déskripsi siswa kelas VII C SMPN 2 Ciwaringin Kabupatén Cirebon taun ajaran 2013/2014.

- Lamun $t_{itung} < t_{tabél}$ hartina hipotésis ditolak, yén modél peembelajaran *CTL* teu éféktif dina ngaronjatkeun kamampuh nulis Karangan déskripsi siswa kelas VII C SMPN 2 Ciwaringin Kabupatén Cirebon taun ajaran 2013/2014.

2) Statistik Non-Parametris

Statistik Non-Paramétris digunakeun saupama data hasil uji normalitas téh nuduhkeun yén data miboga distribusi data anu teu normal, dina nguji éta data kalawan ngagunakeun uji *Wilcoxon*.

Numutkeun Sudjana (2005: 450) léngkah-léngkah uji *Wilcoxon,* di antarana waé, nya éta:

a) asupkeun peunteun *pretest* siswa kana kolom ka-2 (XA1);
b) asupkeun peunteun *posttest* siswa kana kolom ka-3 (XB1);
c) itung bédana antara *pretest* jeung *posttest* ku cara XA1-XB1 tuluy asupkeun hasilna kana kolom ka-4;
d) nangtukeun jenjang ku cara ngurutkeun hasil béda tina kolom ka-4 ti mimiti nilai béda anu pangleutikna nepi anu panggedéna;
e) sanggeus diurutkeun (misalna aya nilai nu sarua), pikeun nangtukeun jenjangna, éta nilai téh dijumlahkeun tuluy dibagi dua. Nilai tina hasil ngabagi téh mangrupa hasil jenjangna;
f) sanggeus diurutkeun, asupkeun nilai jenjang JB kana kolom ka-5;
g) ngasupkeun nilai jenjang anu positif kana kolom ka-6, misalna aya nilai béda anu négatif asupkeun kana kolom ka-7;
h) tingali kana tabél harga-harga kritis uji *Wilcoxon*, misal jumlah n = 23 kalawan ngagunakeun taraf kasalahan 5% $W_{tabél} = 73$;
i) data anu geus diitung tuluy diasupkeun kana tabél uji *Wilcoxon* ieu di handap.

Tabél 3.6
Tabél Uji *Wilcoxon*

No	XA1	XB1	Béda	Tanda Jenjang		
			XA1-XB1	Jenjang	+	-
(1)	(2)	(3)	(4)	(5)	(6)	(7)

Katerangan:

XA1 : Peunteun *pre-tést*

XB1 : Peunteun *post-tést*

a) ditarima henteuna hipotésis dina uji *Wilcoxon* ngagunakeun kriteria ieu di handap.

- Saupama $W_{itung(-)} < W_{tabél}$ dumasar taraf nyata nu ditangtukeun, hartina Ha ditarima, yén modél pembelajaran *CTL* éféktif pikeun ngaronjatkeun kamampuh nulis karangan déskripsi siswa kelas VII C SMPN 2 Ciwaringin Kabupatén Cirebon taun ajaran 2013/2014.
- Saupama $W_{itung(-)} > W_{tabél}$ dumasar taraf nyata nu ditangtukeun, hartina Ha ditolak, yén modél pembelajaran *CTL* henteu éféktif pikeun ngaronjatkeun kamampuh nulis karangan déskripsi siswa kelas VII C SMPN 2 Ciwaringin Kabupatén Cirebon taun ajaran 2013/2014.